

BAB III METODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Penelitian

Dina ieu panalungtikan, pamarekan anu dipaké nya éta pamarekan kuantitatif. Pamarekan kuantitatif mangrupa pamarekan anu tradisional, lantaran ieu pamarekan geus lila dipaké dina panalungtikan, sarta geus jadi tradisi. Ieu pamarekan sok disebut pamarekan positivistik, lantaran ieu pamarekan didadasaran ku falsafah positivisme. Pamarekan kuantitatif disebut pamarekan ilmiah/*scientific* kusabab luyu jeung kaidah-kadiah ilmiah nya éta konkrét/émpiris, objéktif, struktural, rasional, jeung sistematis. Disebut pamarekan kuantitatif lantaran data panalungtikanana mangrupa angka-angka, sarta dina analisisna maké élmu statistika (Sugiyono, 2017, kc.7). Lian ti pamarekan, hal penting séjénna anu kudu aya dina ngalaksanakeun panalungtikan nya éta métode panalungtikan.

Dina ieu panalungtikan, métode anu dipaké nya éta métode kuasi ékspérimén. Numutkeun Sugiyono (2017, kc.72) métode ékspérimén nya éta métode panalungtikan anu dipaké pikeun néangan pangaruh perlakuan hiji variabel jeung variabel séjén anu geus dirarancang dina kondisi anu dikadalikeun. Métode kuasi ékspérimén mangrupa percobaan anu disusun sacara husus pikeun nyangking data anu diperlukeun dina ngajawab patalékan panalungtikan. Panalungtikan ékspérimén dilakukeun pikeun meunangkeun hasil tina ayana pangaruh hiji variabel jeung variabel séjénna nu geus dibéré perlakuan, sarta hasilna diukur dina hipotésis panalungtikan. Désain panalungtikan mangrupa prosés anu dirarancang pikeun ngajawab atawa ngajéntrékeun masalah-masalah dina panalungtikan. Désain anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta *One-Group Pretest-Posttest Desain*. Ieu dihandap gambaran ngeunaan *One-Group Pretest-Posttest Desain*.

$O_1 \times O_2$

(Sugiyono, 2017, kc.75)

Keterangan:

O_1 = kamampuh maca pamahaman carita pondok siswa saméméh maké modél *Group Investigation*.

O_2 = kamampuh maca pamahaman carita pondok siswa sabada maké modél *Group Investigation*.

Dita Deviana, 2019

MODÉL PANGAJARAN GROUP INVESTIGATION PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH MACA PAMAHAMAN CARITA PONDOK

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

X = modél pangajaran *Group Investigation* pikeun ngaronjatkeun kamampuh maca pamahaman carita pondok siswa.

3.2 Sumber Data


Ieu panalungtikan dilaksanakeun di SMPN 19 Bandung anu aya di Jl. Sadang Luhur, Sekeloa, Coblong, Kota Bandung, Jawa Barat. Anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nya éta kelas VIII G SMPN 19 Bandung Taun Ajr 2018/2019 anu jumlahna 32 siswa, 20 siswa awéwé, jeung 12 siswa lalaki. Sangkan leuwih jelas, titénan ieu tabél di handap.

Tabel 3. 1
Jumlah Siswa Kelas VIII G

Kelas	Siswa Lalaki	Siswa Awéwé	Jumlah
VIII G	12	20	32

3.3 Prosedur Panalungtikan

Prosedur atawa alur panalungtikan nétélakeun léngkah-léngkah nu bakal dilaksanakeun dina panalungtikan. Sangkan leuwih jéntré, titénan bagan prosedur panalungtikan ieu di handap.



Bagan 3. 1
Prosedur Panalungtikan

Sangkan leuwih jéntré, prosedur atawa alur panalungtikan baris ditétélakeun di handap.

a. Idéntifikasi Masalah

Panalungtik ngaidéntifikasi sababaraha pasualan anu aya dina pangajaran maca pamahaman carita pondok di kelas VIII G SMPN 19 Bandung.

b. Rumusan Masalah

Sabada ngaidéntifikasi masalah, panalungtik tuluy ngarumuskeun masalah jadi sababaraha patalékan. Éta patalékan baris dijawab ngaliwatan panalungtikan.

c. Ngumpulkeun Data

Panalungtik nyieun instrumén panalungtikan anu bisa dimekarkeun. Tuluy panalungtik ngalakukeun tés kamampuh maca pamahaman siswa saméméh maké

Dita Deviana, 2019

MODÉL PANGAJARAN GROUP INVESTIGATION PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH MACA PAMAHAMAN CARITA PONDOK

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

modél *Group Investigation* jeung tés kamampuh maca pamahaman siswa sabada maké modél *Group Investigation*.

d. Nganalisis Data

Sabada ngumpulkeun sakabéh data, panalungtik tuluy ngalakukeun analisis data kalawan maké *software* SPSS PASW (*Statistical Product and Service Solution*).

e. Kacindekan

Ieu mangrupa tahap anu pamungkas, nya éta nyindekeun hasil panalungtikan. Hal-hal anu geus dicangking sarta dipedar dina ieu panalungtikan tuluy dicindekeun sangkan bisa leuwih dipikaharti.

3.4 Téknik Ngumpulkeun Data

Téknik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta téknik tés. Tés nya éta hiji alat pikeun ngumpulkeun informasi ngeunaan kahontalna tujuan atikan atawa tujuan pangajaran (Wahyudi, 2010, kc.2). Téknik tés digunakeun pikeun ngumpulkeun data kamampuh siswa dina pangajaran maca pamahaman carita pondok. Tés tulis digunakeun pikeun ngukur kamampuh siswa kelas VIII G SMPN 19 Bandung taun ajar 2018/2019 dina maca carita pondok. Téknik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan téh ngaliwatan sababaraha tahapan saperti anu diébréhkeun ieu di handap.

- 1) Siswa dibéré tés pikeun ngukur kamampuh siswa dina maca carita pondok saméméh maké modél *Group Investigation*.
- 2) Sabada mikanyaho hasil tés siswa, panalungtik nataharkeun naon waé nu dibutuhkeun nalika prosés diajar-ngajar kalawan ngagunakeun modél *Group Investigation*.
- 3) Siswa dibéré tés deui pikeun ngukur kamampuh siswa dina maca carita pondok sabada maké modél *Group Investigation*.

3.5 Instrumen Panalungtikan

Instrumén panalungtikan mangrupa hiji alat anu digunakeun pikeun rupa-rupa kajadian, boh kajadian alam boh kajadian sosial nu diténan. Sacara spésifik éta

kajaidan téh disebut variabel panalungtikan (Sugiyono, 2017b, kc.102). Jenis instrumén dina ieu panalungtikan nya éta instrumén tés, anu mangrupa alat ngumpulkeun data anu sifatna ngukur jeung ngahasilkeun data hasil ukur. Tés nya éta alat atawa prosedur nu digunakeun ngumpulkeun data kamampuh maca pamahaman carita pondok siswa anu ngawengku tés kamampuh siswa saméméh maké modél *Group Investigation* jeung jeung tés kamampuh siswa sabada maké modél *Group Investigation*. Wanda tés anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tés tulis, dina wangun soal opsional pilihan ganda.

Soal tés tulis anu digunakeun geus dianalisis kualitasna ku rekan panalungtik. Hal-hal anu dianalisis pikeun ngukur kualitas soal tés tulis anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta:

a. Kasaluyuan soal jeung kisi-kisi

Soal tés tulis anu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan geus luyu jeung kisi-kisi. Aya 30 soal pilihan ganda anu ngawengku sababaraha aspék gabungan.

Tabel 3. 2
Kasaluyuan Soal jeung Kisi-Kisi

Aspék Gabungan	No. Soal	Jumlah Soal
Struktur-Literal	1, 3, 26, 25	4
Struktur-Interpretatif	2, 4	2
Unsur-Literal	7, 8, 9, 10, 11	5
Unsur- Interpretatif	6, 30, 12, 13, 15, 16, 23	7
Unsur-Kritis	5, 14	2
Aspék Gabungan	No. Soal	Jumlah Soal
Kabasaan-Literal	20, 22, 24, 28	4
Kabasaan-Interpretatif	17, 19, 27	3
Kabasaan-Kritis	18, 21, 29	3
		30

b. Basa anu digunakeun

Basa anu digunakeun dina soal tés tulis mangrupa basa Sunda anu basajan, nyaluyukeun jeung kamampuh siswa kelas VIII G SMPN 19 Kota Bandung Taun Ajar 2018/2019 pikeun maham kana soal tés anu dibérékeun.

c. Eusi Soal

Eusi soal tés tulis anu digunakeun dina ieu panalungtikan geus luyu jeung pamahaman anu rék diuji.

Aya tilu pamahaman anu diuji dina ngaliwatan ieu soal, nya éta pamahaman literal, interprétatif, jeung pamahaman kritis. Sangkan leuwih jelas, perhatikeun ieu tabél di handap.

Tabel 3. 3
Eusi Soal

Pamahaman anu Diuji	No. Soal	Jumlah
Literal	1,3, 7, 8, 9, 10, 11, 20, 22, 24, 28, 26, 25	13
Interprétatif	2, 4, 6, 12, 13, 15, 16, 17, 19, 23, 27, 30	12
Kritis	5, 14, 18, 21, 29	5
		30

d. Tata Tulis

Penulisan soal tés dina ieu panalungtikan téh cukup jelas. Soal dilengkepan ku sababaraha pituduh pikeun ngerjakeunana. Sababaraha soal dilengkepan ku sempalan carita pondok.

Tabel 3. 4
Kisi-Kisi Tes Kamampuh Samemeh jeung Sabada

No	Maca Pamahaman	Literal	Interpretatif	Kritis	Jumlah Soal
	Carita Pondok				
1.	Structure				
	1. Narasi	1, 26	2		3
	2. Dialog	3, 25	4		3
2.	Unsur				
	1. Tema			5	1
	2. Tokoh	7,8	6, 30		4
	3. Latar	9, 10, 11	12, 13		5
	4. Alur			14	1
	5. Sudut Pandang		15		1
	6. Amanat		16, 23		2
3.	Kebahasaan				
	1. Gaya Bahasa		17, 19, 27		3
	2. Kalimat Langsung	20, 22			2
	3. Kalimat Tidak Langsung	24, 28			2
	4. Pikiran Utama			18, 21, 29	3
	Jumlah	13	12	5	30

3.6 Téknik Analisis Data

Analisis data mangrupa kagiatan nu dilakukeun sabada kabéh data geus kakumpul. Téknik analisis data ngagunakeun pamarekan statistik. Dina panalungtikan kuantitatif Aya sababaraha tahap nu kudu dilaksanakeun dina teknik analisis data, nu ditélélakeun di handap.

- a. Mariksa kamampuh maca pamahaman carita pondok siswa dumasar kana tilu aspék dina tabel 3.5 ieu di handap.

Tabel 3. 5
Skala Skor Aspék Maca Pamahaman Carita Pondok

No	Aspék	Skor	Kritéria
1	Struktur	0	Kurang Pisan: euweuh jawaban anu bener
		1-2	Kurang: saeutik jawaban anu bener
		3-4	Sedeng: Jumlah jawaban bener jeung salah kurang leuwih saimbang
		5-6	Hadé: loba jawaban anu bener, saeutik anu salah
2	Unsur	0-3	Kurang Pisan: hampir euweuh jawaban anu bener
		4-7	Kurang: saeutik jawaban anu bener

Dita Deviana, 2019

MODÉL PANGAJARAN GROUP INVESTIGATION PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH MACA PAMAHAMAN CARITA PONDOK

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

No	Aspek	Skor	Kritéria
3	Basa	8-11	Sedeng: Jumlah jawaban benar jeung salah kurang leuwih saimbang
		12-14	Hadé: loba jawaban anu benar, saeutik anu salah
		0-2	Kurang Pisan: hampir euweuh jawaban anu benar
		3-5	Kurang: saeutik jawaban anu benar
		6-8	Sedeng: Jumlah jawaban benar jeung salah kurang leuwih saimbang
		9-10	Hadé: loba jawaban anu benar, saeutik anu salah

(Nurgiyantoro, 2014, kc.392) kalayan diropéa nyaluyukeun jeung kabutuhan sarta kondisi siswa.

- b. Méré peunteun jeung nganalisis hasil tés kamampuh maca pamahaman carita pondok siswa saméméh jeung sabada maké modél *Group Investigation* kalawan ngagunakeun rumus:

$$\text{Peunteun} = \frac{\text{Total Skor nu kahontal}}{\text{Jumlah Skor Maksimal}} \times 100$$

Tabel 3. 6
Skala Peunteun Maca Pamahaman Carita Pondok

Skala	Kategori
76-100	Hadé
51-75	Sedeng
26-50	Kurang
0-25	Kurang Pisan

- c. Ngasupkeun peunteun kana tabél ieu di handap.

Tabel 3. 7
Format Peunteun

No	Kamampuh Maca Pamahaman												P	Kategori
	Struktur		Unsur						Aspek Basa					
	A	B	C	D	E	F	G	H	I	J	K	L		

Keterangan:

A= Narasi

B= Dialog

C= Téma

Dita Deviana, 2019

MODÉL PANGAJARAN GROUP INVESTIGATION PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH MACA PAMAHAMAN CARITA PONDOK

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

D= Tokoh
 E= Latar
 F= Galur
 G= Sudut Pandang
 H= Amanat
 I= Gaya Basa
 J= Kalimah Langsung
 K= Kalimah Teu Langsung
 L= Pikiran Utama
 P= Peunteun

3.6.1 Uji Sipat Data

Data kuantitatif dina ieu panalungtikan baris dianalisis ku cara maké aplikasi SPSS PASW *Statisticcal Product and Service Solution*. SPSS mangrupa aplikasi pikeun analisis statistik. Ieu aplikasi bisa mantuan panalungtik pikeun ngolah, ngitung, jeung nganalisis data dina panalungtikan sacara statisik. Data anu dianalisis nya éta data kamampuh maca pamahaman siswa saméméh jeung sabada maké modél *Group Investigation* (data *input*), éta data téh tuluy dijabarkeun dina hasil analisis SPSS (data *output*).

3.6.2 Uji Normalitas

Uji normalitas dipaké pikeun nangtukeun yén data anu dipaluruh miboga distribusi anu normal atawa teu normal. Statistika Patramétris dipaké saupama data dina unggal variabel panalungtikan anu rék dianalisis miboga distribusi anu normal, upama data panalungtikanana miboga distribusi anu teu normal, téknik anu dipaké nya éta téknik statistika Nonparametris (Sugiyono, 2017b, kc.7).

Pikeun nangtukeun normal henteuna distribusi data nu rék ditalungtik, bisa maké uji *Kolmogorov-Smirnov* dina aplikasi SPSS. Anapon hipotésis pikeun uji normalitas data dina ieu panalungtikan nya éta saperti ieu di handap.

H_0 : data miboga distribusi anu teu normal.

H_a : data miboga distribusi anu normal.

Taraf signifikansi anu dipaké nya éta 5% (Sig. = > 0.05). Kritéria pikeun ngujina saperti ieu di handap.

- a. Upama nilai Sig. = ≥ 0.05 , H_0 ditolak, hartina data anu ditalungtik miboga distribusi anu normal.
- b. Upama nilai Sig. = < 0.05 , H_0 ditarima, hartina data anu ditalungtik miboga distribusi anu teu normal.

3.6.3 Uji Hipotésis

Uji hipotésis dilakukeun pikeun nguji bebeneran hiji pernyataan sacara statistik, ogé nangtukeun ditarima atawa ditolakna hipotésis.

Upama data hasil uji normalitas nuduhkeun yén éta data miboga distribusi data anu normal, dina nguji hipotésis datana, maké cara statistika paramétris kalawan ngagunakeun *t-test*, sedengkeun upama datana miboga distribusi anu teu normal, digunakeun cara statistika nonparamétris kalawan uji *Wilcoxon Match Pairs Test*.

Pikeun nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotésis dumasar kana kritéria ieu di handap.

H_0 (Hipotésis nol) = Teu aya béda anu signifikan dina kamampuh maca pamahaman carita pondok siswa kelas VIII G SMP Negeri 19 Bandung antara saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation*.

H_a (Hipotésis alternatif) = Aya béda anu signifikan dina kamampuh maca pamahaman siswa kelas VIII G SMP Negeri 19 Bandung antara saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation*.

Kritéria:

H_0 ditarima atawa H_a ditolak, upama nilai signifikansi (sig.) ≥ 0.05

H_a ditarima atawa H_0 ditolak, upama nilai signifikansi (sig.) < 0.05